

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Sacara étimologis, méthode asalna tina basa latén nyaéta *methodos* anu hartina cara-cara, stratégi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat (Ratna, 2004, kc. 34). Méthode panalungtikan kaasup kana kagiatan ilmiah, lantaran miboga struktur, tujuan nu tangtu boh parktis boh tioritis, jeung disusun sacara sistematis kalawan ayana waktu anu geus direncanakeun pikeun ngolah data dumasar kana aspék élmu pangaweruh.

Dina panalungtikan, tangtu digunakeun pamarekan pikeun maluruh objék anu ditalungtik. Pikeun meunangkeun hasil anu jelas, tangtu kudu maké pamarekan anu jelas. Ku kituna, dina panalungtikan ngeunaan ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan méthode déskriptif.

Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan kualitatif. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipedar ngagunakeun kalimah-kalimah nu ngaguluyur. Méthode panalungtikan kualitatif digunakeun dumasar kana pamadegan (Arikunto, 2013, kc. 3) nu nétélakeun yén pamarekan kualitatif mangrupa pamarekan nu digunakeun pikeun nyangking data panalungtikan dina wangun kekecapan lisan atawa tinulis ku cara neuleuman jeung maham kana éta kekecapan. Éta hal luyu jeung pamadegan (Sugiyono, 2016, kc. 9) nu nétélakeun yén méthode panalungtikan kualitatif mangrupa méthode panalungtikan nu dumasar kana palasipah *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik dina kaayaan objék nu alamiah, (salaku lawanna nyaéta *eksperimen*) nyaéta panalungtik salaku *instrument* konci, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara *triangulasi* (gabungan), analisis data sipatna induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun ma'na ti batan *generalisasi*. Singgetna, pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu unggal léngkah-léngkahna disusun sacara sistematis sangkan bisa napsirkeun data dina wangun déskriptif.

Méthode déskriptif nyaéta runtuyan sistematis ngeunaan tiori jeung hasil-hasil anu *relevan* saluyu jeung *variable* anu ditalungtik (Sugiyono, 2016, kc. 58). Luyu

jeung pamadegan (Arikunto, 2013, kc. 3) nu nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayan, kondisi atawa hal séjénna, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.


Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, kalawan ulikan strukturalisme. Hasil tina ieu analisis dipatalikeun pikeun *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA.

Dina wengkuan sastra, pikeun nalungtik karya sastra nurutkeun M.H. Abrams (dina Endraswara, 2013, kc. 9) aya opat pamarekan, nyaéta éksprésif, objéktif, *mimetik*, jeung *pragmatik*. Ku kituna, dina ieu hal panalungtik ngagunakeun pamarekan objéktif, sabab sagemblengna nu ditalungtik sumberna ngan tina novél *Diarah Pati karya Margasulaksana*.

### 3.2 Desain panalungtikan

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik kudu miboga rarancang nu ngawujud désain panalungtikan. Tujuanana nyaéta pikeun méré gambaran léngkah-léngkah panalungtikan nu rék dilakonan. Saluyu jeung pamadegan (Arikunto, 2013, kc. 90) nu nétélakeun yén désain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan panalungtikan nu baris dilaksanakeun.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, désain panalungtikan dina ieu panalungtikan digambarkeun ti mimiti nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar kana pamarekan nu digunakeun, sarta nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Galur tina désain panalungtikanana kagambarkeun dina bagan 3.1.



**Bagan 3. 1**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Dina ngalaksanakeun panalungtikan tangtuna teu bisa sagawayah, lantaran aya udagan anu kudu dihontal ku cara-cara anu geus direncanakeun kalawan sistematis. Téhnik panalungtikan mangrupa cara atawa *prosedur* nu dilakukeun pikeun ngahontal udagan panalungtikan kalawan ngagunakeun metode anu tangtu. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun *prosedur* anu ngaruntuy ti mimiti téhnik ngumpulkeun data nepi ka téhnik ngolah data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Patalina jeung métode anu dipaké, téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh, nyaéta studi pustaka jeung analisis téks. Saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2016, kc. 137) nu nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data dina dokumen atawa sumber data téh disebutna studi pustaka. Pikeun ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Analisis téks nyaéta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan ku cara ngébréhkeun hasil panalungtikan dina wangun déskriptif. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana, nyaéta ieu di handap.

- 1) maca buku-buku nu patalina jeung tiori strukturalisme jeung ajén atikan karakter, tuluy hasilna dijadikeun référénsi sangkan leuwih babari dina nganalisis data;
- 2) nangtukeun sumber data dina wangun karya sastra tinulis, nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana;
- 3) maca sagemblengna novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana
- 4) nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita, ajén atikan karakter, jeung;
- 5) nangtukeun kritéria bahan ajar.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan, nyaéta téhnik analisis unsur langsung tina data anu geus kacangking tur kapaluruh. Anapon sumber data nu dianalisis téh nyaéta analisis struktur carita dina novél *Diarah Pati* karya

Margasulaksana jeung analisis ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Léngkah-léngkah dina analisis data baris dipedar ieu di handap.

1) Ngalalisis Struktur Carita Novél *Diarah Pati*

Analisis struktur novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana maké tiori strukturalisme Renne Wellek & Austin Warren, anu ngawengku:

- a. téma novél *Diarah Pati*;
  - b. fakta carita novél *Diarah Pati* (galur, tokoh jeung panokohan, latar; sarta
  - c. sarana carita novél *Diarah Pati* (puseur implengan jeung gaya basa).
- 2) Ngalalisis ajén atikan karakter dina novél *Diarah Pati*
  - 3) Ngaidéntifikasi bahan pangajaran maca novél di SMA
  - 4) Nyindekkeun hasil analisis data

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Dumasar kana téhnik panalungtikan, dibutuhkeun instrumen panalungtikan. Alat ukur dina panalungtikan ilaharna disebut instrumén panalungtikan. Jadi instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur *fenomena* alam atawa sosial nu ditilik (Sugiyono, 2016, kc. 102). Instrumén anu remen dipaké dina panalungtikan nyaéta kusionér, obsérvasi (langsung, teu langsung, partisipasi), lembar tés, jeung kartu data (Sudjana, 2017, kc. 58). Luyu jeung éta hal, dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké nyaéta kartu data.

Kartu data nyaéta instrumén nu wangunna tabél pikeun ngawilah-wilah data nu kapanggih. Sakabéh data dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana téh disalin kana tabél jeung kartu data sarta dibéré idéntitas. Unggal idéntitas nuduhkeun judul, ungkara jeung, kaca. Anu satuluyna dipaluruh deui struktur carita jeung ajén atikan karakterna. Format tabél jeung kartu datana saperti ieu di handap.

1) **Kartu Data Struktural**

**Tabél 3. 1**  
**Kartu Data Téma**

No.	Téma	Cutatan Carita	Kode Data
			DP/T/1

**Keterangan:**

Conto kode data : DP/T/1  
 DP : Judul novél (*Diarah Pati*)  
 T : Téma  
 1 : Nuduhkeun kaca 1

**Tabél 3. 2**  
**Kartu Data Latar**

No.	Latar (waktu, tempat, sosial)	Cutatan Carita	Kode Data
			DP/L/2

**Keterangan:**

Conto kode data : DP/L/2  
 DP : Judul novél (*Diarah Pati*)  
 L : Latar  
 2 : Nuduhkeun kaca 2

**Tabél 3. 3**  
**Kartu Data Palaku**

No.	Ngaran Tokoh	Watek	Cutatan Carita	Kode Data
				DP/P/3

**Keterangan:**

Conto kode data : DP/P/3  
 DP : Judul novél (*Diarah Pati*)  
 P : Palaku  
 3 : Nuduhkeun kaca 3

**Tabél 3. 4**  
**Kartu Data Gaya Basa**

No.	Gaya Basa	Cutatan Carita	Kode Data
			DP/GB/4

**Keterangan:**

Conto kode data : DP/GB/4  
 DP : Judul novél (*Diarah Pati*)  
 GB : Gaya Basa  
 4 : Nuduhkeun kaca 4

**Tabél 3. 5**  
**Kartu Data Puseur Implengan**

No.	Puseur Implengan	Cutatan Carita	Kode Data
			DP/PI/5

**Keterangan:**

Conto kode data : DP/PI/5  
 DP : Judul novél (*Diarah Pati*)  
 PI : Gaya Basa  
 5 : Nuduhkeun kaca 5

**2) Kartu Data Ajén Atikan Karakter**

**Tabél 3. 6**  
**Kartu Data Ajén Atikan Karakter**

No	Sikep	Cutatan carita	Ajén Atikan Karakter																	
			1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18

**Keterangan:**

Conto kode data: DP/AAK/1  
 DP: Judul novél (*Diarah Pati*)  
 AAK: Ajén Atikan Karakter  
 1: Nuduhkeun kaca 1

**Keterangan:**

1 = *Religius*  
 2 = *Jujur*  
 3 = *Toleransi*  
 4 = *Disiplin*  
 5 = *Kerja Keras*  
 6 = *Kreatif*  
 7 = *Mandiri*  
 8 = *Demokratis*  
 9 = *Rasa ingin tahu*  
 10 = *Semangat kebangsaan*  
 11 = *Cinta tanah air*  
 12 = *Menghargai prestasi*  
 13 = *Bersahabat/komunikatif*  
 14 = *Cinta damai*  
 15 = *Gemar membaca*  
 16 = *Peduli lingkungan*  
 17 = *Peduli sosial*  
 18 = *Tanggung jawab*

### 3) Kartu Data Kriteria Bahan Ajar

Larapna hasil analisis anu dipatalikeun jeung bahan ajar. Daptar céklisna di handap ieu.

**Tabél 3. 7**  
**Daptar Ceklis Analisis Bahan Ajar**

No.		Kritéria Milih Bahan Ajar	Novél <i>Diarah Pati</i>		Keterangan
			Luyu	Teu luyu	
1.		Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal			
2.		Dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa			
3.		Dianggap miboga ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4.		Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5.		Luyu jeung kabutuhan katut minat murid			

### 3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu bagéan, baris dipedar ngeunaan data jeung sumber data panalungtikan.

#### 3.5.1 Data Panalungtikan


Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita, ajén atikan karakter, jeung bahan pangajaran maca nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Struktur carita novél anu digunakeun, nyaéta tiori struktural Wellek & Warren nu ngawengku téma, galur, panokohan jeung watek, puseur implengan, latar, jeung gaya basa. Ari ajén atikan karakter anu dipaluruh, nyaéta nu patali jeung sipat-sipat tokoh nu kagambar dina novél *Diarah Pati*.

#### 3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan mangrupa objék data anu ditalungtik. Luyu jeung pedaran Arikunto (2013, kc. 172) nu nétélakeun yén nu dimaksud sumber data nyaéta subjék pikeun nyangking sakabéh data anu diperlukeun dina panalungtikan.

Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana.

Judul : Diarah Pati  
 Pangarang : Margasulaksana  
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama  
 Taun medal : 2014  
 Kandel buku : 198 kaca  
 Warna jilid : Bodas



**Gambar 3. 1**  
**Jilid Novel *Diarah Pati***

Dina jilid buku, ilaharna sok ngagambarkeun patalina judul jeung eusi caritana. Dina jilid buku novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, miboga warna dasar bodas jeung coklat. Judul buku warnana beureum, kitu deui dina handapeun judul aya gambar keclakan getih nu ngagambarkeun eusi carita dina ieu buku, nyaéta misteri. Jilid tukang gé miboga warna dasar nu sarua jeung jilid hareup, nyaéta bodas jeung coklat. Dina jilid tukang, aya déskripsi ngeunaan punjulna ieu buku.

### 3.5.3 Biografi Singget Pangarang

Margasulaksana téh sandiasmana R. Iting Partadireja, hiji sastrawan kasohor nu geus diaku ku para sastrawan Sunda, ogé anjeunna téh kungsi jadi redaktur (basa Sunda) di Balé Pustaka. Sawatara karya Margasulaksana anu kacatet dina *Inventarisasi Penerbitan Buku-buku Berbahasa Sunda yang Tercetak dengan Huruf Latin* (Bandung, 1981/1982) nu disusun ku Tim Fakultas Sastra Unpad, nyaéta *Diarah Pati* (1930), *Anu Mashur Si Tukung* (1932), *Dunungan Midua Manah* (1932), *Kalebuh Tengahing Tresna* (1932), *Carita anu Mashur Pangéran Hamlet* (1933), *Carita nu Mahsur Raja Lir* (1933), *Nyingkiran Rurubed* (1933), *Pahili Beubeureuh* (1935), *Rahmat* (1935), *Wawacan Nyai Roro Mendut* (1938), jeung *Budak Ngurilingan Dunya* (1941). Di antara karya-karya sastra meunang Margasulaksana, *Diarah Pati* bisa disebutkeun jadi karya anu pangpunjulna. Punjul dina katohagaan



struktur caritana, punjul dina gambaran ngeunaan perwatek tokoh-tokoh katut kaayaan anu dicaritakeunana, ogé punjul dina kandelna (Salmun dina Margasulaksana, 2014, kc. 5).